

Svondo remichindwe



**Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe.
Mapisarema 118:26**

Mateo 21:1-11

Jesu anogamuchirwa muJerusaremaVakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri.

3 Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu. 7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo.

8 Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti:

“Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!”

“Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!”

“Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”

11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita anobva kuNazareta kuGarirea.”